

**KOMONNWÈLT MASSACHUSETTS**  
**DEPATMAN TRANSPÒ MASSACHUSETTS - DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)**  
**ANONS POU YON ODISYON PIBLIK**  
**Nimewo Dosye Pwojè a : 611982**

Pral genyen yon Odisyon Piblik Vityèl Dirèk sou pòtay entènèt MassDOT pi ba la a, pou prezante modèl pou Koridò Konneksyon avèk Itilizasyon Pataje yo pwopoze pou Route 28 / Wellington Underpass nan Medford, MA a.

**KILÈ :** **7:00 - 8:00 PM, jedi 8 desanm 2022**

**REZON :** Rezon pou odisyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann kisa yo pwopoze pou Koridò Konneksyon avèk Itilizasyon Pataje pou Route 28 / Wellington Underpass la. Tout kòmantè ak opinyon moun bay an rapò avèk odisyon sa a pral ànalize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

**PWOPOZISYON :** Sa ki pwopoze pou pwojè a, se bati yon koridò konneksyon avèk itilizasyon pataje ak yon nouvo pasaj anba pou pyeton ak bisiklèt, pou konnekte kote ki nan direksyon nò ak direksyon sid nan Fells Parkway ki kouri arebò Mystic River la, nan Vil Medford, Massachusetts. Objektif pwojè sa a, se amelyore aranjman multimodal ak sekirite pyeton, lè yo bati yon konneksyon ki manke nan rezo transpò ki ant MacDonald Park ak Station Landing. Nan amelyorasyon yo pwopoze yo, genyen konstriksyon yon chimen pave avèk asfalt cho pou pataje, twotwa an siman, yon estrikti an bwa pou moun pwomennen gade, limyè pou wout, mak ki trase atè nan wout yo, vejetasyon, ak dekorasyon.

Yon dwa pasaj sekirize nesesè pou pwojè sa a. Sa kapab mande peman, ak dwa aksè pèmanan oubyen tanporè. **Se responsablite Vil la ansanm ak Ajans Konsèvasyon ak Rekreyasyon (DCR, ki vle di "Department of Conservation and Recreation") pou yo pran aksyon k ap pèmèt jwenn dwa pou sèvi avèk teren prive ak piblik (dapre ki pwopriyete sa ye).** Yo pral pale sou règleman MassDOT ak Vil la sou kesyon dwa pou sèvi avèk teren, pandan reyinyon sa a.

Si yon moun vle voye kesyon sou pwojè a, oswa deklarasyon ekri ak lòt pyès jistifikatif ki anrapò avèk aktivite pwojè a, li mèt voye yo bay Carrie E. Lavallee, P.E., Enjennyè an Chèf, nan adrès elektwonnik [MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us](mailto:MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us) oswa nan lapòs, nan adrès sa a : Suite 6340, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: **Project Management, Project File No. 611982.** Dokiman ak pyès jistifikatif moun vle fè parèt nan transkripsyon odisyon piblik la dwe voye nan mesaj elektwonnik, oswa nan adrès postal avèk dat ki montre yo poste omwen dis (10) jou ouvrab (kidonk 14 jou kalandriye) apre odisyon an parèt nan pòtay entènèt MassDOT ki pi ba la a.

Pou odisyon sa a, ap gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe. MassDOT kapab fè aranjman rezonnab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, vidèyo, aparèy pou moun ki pa tandé byen, oswa dokiman nan fòma altènativ) toutotan sa posib. Pou fè aranjman oubyen pou mande asistans nan lang, ou mèt kontakte Responsab an chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nan TTD / TTY (pou moun ki pa tandé byen) nan nimewo (857) 266-0603, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonnik ([MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us)). Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou odisyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis jou ouvrab davans, anvan jou odisyon an.

Odisyon Piblik Vityèl sou Modèl sa a, oubyen ànons ànilasyon li, pral afiche sou entènèt nan adrès [www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings](http://www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings).

JONATHAN GULLIVER  
ADMINISTRATÈ POU GRANWOUT

CARRIE E. LAVALLEE, P.E.  
ENJENNYÈ AN CHÈF